# «Өзбектелеком» АК Қарақалпақстан Республикасы филиалы хабарлайды!

Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы барлық министрликлер, мекемелер, кәрханалар, шөлкемлер ҳәм пуқаралардың дыққатына!

Алдын хабар бергенимиздей, «Өзбектелеком» АК Қарақалпақстан Республикасы филиалы тәрепинен 4-май сәнесинен баслап 4-июль сәнелери аралығында 1999-жыллары орнатылған NEAX-61E маркалы телефон станцияларды жаңадан MSAN станцияларына өзгертиў жумыслары алып барылмақта.

Image not found or type unknown

Республикамыз бойлап 53 792 абонентке мөлшерленген 104 дана MSAN станциялары келинген болып, бул станцияларды иске түсириў ушын 79,68 км узынлықтағы шийше (оптик) талшықлы байланыс кабеллери тартылды.

Бүгинги күнде филиал тәрепинен 104 дана MSAN станцияларынан 66 данасы орнатылып, иске түсириў жумыслары алып барылмақта.

Пайтахтымыз Нөкис қаласында 54 дана MSAN станцияларын орнатыў режелестирилген болып, соннан 32 данасында иске түсириў жумыслары алып барылмақта, ал 10 данасы (222-АТС – 2 дана, 223-АТС – 3 дана, 224-АТС – 4 дана ҳәм 229-АТС – 1 дана) толық жуўмақланды.

Оңлаў жумыслары белгиленген реже тийкарында алып барылып атырғанлығын мәлим ете отырып, телефон станцияларын жаңадан орнатылып атырған реконструкция жумыслары даўамында Сиз тәрептен пайдаланылып атырған сымлы телефон, интернет, IPTV ҳәм басқада телекоммуникация хызметлери

басқышпа-басқыш тәризде ўақтынша үзилиске түсетуғынлығын мәлим етиледи.

«Өзбектелеком» АК Қарақалпақстан Республикасы филиалы ўақтыншалық телекоммуникация хызметлериниң қайта жалғаў дәўириндеги үзилислер ушын абонентлеримизден кеширим сорайды.

Қайта жалғаў жумысларын тез жуўмақлаў мақсетинде, сымлы телефон хызметине жаңадан қосылыўды қәлеўши пуқаралардың арзалары 2020-жыл 1-июль сәнесинен баслап көрип шығылатуғынлығын хабарлаймыз.

«Өзбектелеком» АК Қарақалпақстан Республикасы филиалы мәлимлеме хызмети